# Векало
# Яхьъяс
## яздина кхоалгIа кехат

*Векало Яхьъяс яздина кхоалгIа кехат* «тхьамдано» Iийсах тешачийн тобанан цхьана куьйгалхочуьнга яздина ду. Цу куьйгалхочун цIе Гаяс ю. Яздархочо хаставо Гаяс, цо динан вежаршна гIо дар бахьана долуш. КхидIа цо Гаясе Дайтарпан цIе йолчу цхьана стагах лаьцна дIахьедар до.

*Дешхьалхе*

1 [1] Тхьамда волчу аса яздо хьоьга хIара кехат, сан хьоме Гаяс. Суна хьо
билггал дукхавеза.
[2] Сан хьоме доттагIа, ас доIа до, хьо могуш-маьрша хилийтар а, массо а
агIор хьан дика хилийтар а доьхуш, хьан синан агIо дика ма-хиллара.
[3] Суна чIогIа хазахийтира, цхьаболчу динан вежарша, кхуза а баьхкина,
тоьшалла дича, хьо билггал долчу бакъдолчунна тешаме а ву, цуьнца хьо
кхидIа а лелаш ву аьлла. [4] Суна массо а хIуманал хазахеташ дерг ду, сан
динан бераш гуттара а билггал бакъболчу некъахула лелар.

*Гаяс хаставар*

[5] Сан хьоме доттагIа, динан вежаршна дечу гIуллакхашна тIехь хьо
чIогIа тешаме ву, уьш хьайна бевзаш а боццушехь! [6] Кхузахь йолчу динан
тобанна хьалха цара тоьшалла дира хьан безамах. Далла хазахетачу тай-
пана уьш новкъа бахар дика хир дара хьуна. [7] Дала леррина Къобалвин-
чун дуьхьа буьйлабелла лелаш ма бу уьш, дин доцучу нахе гIо а ца доьхуш.
[8] Цундела вай, динан вежарша, иштта нахана оьшшург дIадала деза,
вай ваьш а бакъдолчун дуьхьа цара дечу гIуллакхийн декъахь хилархьама.

*Дайтарпан а, Дамарти а*

[9] Хьо вехачохь йолчу динан тобане кехат яздинера ас, амма Дайтарпана
со къобал ца во, хIунда аьлча цунна динан тобанан коьртехь ша хила
лаьа. [10] Цундела со шу долчу веача, аса динан тобане ма-дарра дIадуьйцур
ду Дайтарпана лелочух лаьцна. Цо тхох лаьцна харцдерг дуьйцу, ткъа,

---

**1:1** Векалийн 19:29; Римхошка 16:23; 1 Коринтхошка 1:14.

иза дина а ца Iаш, тхан динан вежарий тIе а ца оьцу цо. Иштта цо новкъарло йо оцу тобанехь болу и динан вежарий тIеэца лууш болчарна а. Цо уьш динан тобанна юкъара дIа а боху.

11 Хьоме доттагIа! Зулам лелочарах тар ма лолахь, амма дика дечу адамех тера хилалахь. Дика дечун гIуллакхаша гойту – иза Делера хилар. Ткъа зулам лелочун гIуллакхаша гойту – цунна Дела гина ца хилар.

12 Динан тобанна юкъарчу хIораммо а тоьшалла до Дамарти дика стаг хиларх. Бакъдолчо а тоьшалла до цунах. Иштта оха а тоьшалла до иза дика стаг хиларх. Ткъа шуна-м хаьа, оха до тоьшалла бакъ дуйла.

*Маршаллаш*

13 Кхин дуккха а хIума дара сан хьоьга яздан, амма шекъанца кехата
тIехь яздан ца лаьа суна иза. 14 Аса дог доху, кестта хьо гаре, юьхь-дуьхьал
а волуш, вовшашца къамел дархьама.

15 Маьрша Iойла хьо!

Хьан доттагIаша маршаллаш доуьйту хьоьга. Хьан тобанехь волчу хIоранга а шен-шен цIарах маршалла далар доьху ас.